

Kòd Lòjman

Reprezante
tèt ou nan
yon pwosè
degèpisman

Lis verifikasyon ak pwovizyon prensipal Kòd Sanitè Eta a

Nan leta Massachusetts, Kòd Sanitè leta a se prensipal lwa ki bay lokatè yo dwa pou yon lòjman ki desan. Tout lòjman ki afème dwe omwen reponn ak egzijans **Kòd Sanitè a. Lis Verifikasyon Lòjman an** pral ede w pwoteje dwa ou genyen pou jwenn yon lòjman ki sekirize ak desan.

Ou kapab itilize **Kòd Sanitè a** tou pou w defann tèt ou kont yon degèpisman paske responsablite yon lokatè genyen pou peye lwaye a depann de responsablite pwopriyetè a genyen pou l kenbe apatman an nan yon bon kondisyon. Kòd Sanitè a esplike sa ki konstitye yon bon kondisyon.

Si w ap fè fas ak yon degèpisman poutèt ou pa t peye lwaye a oswa yon *degèpisman san fòt*, lis verifikasyon sa a kapab ede w prepare dosye w la. Yon *degèpisman san fòt* se kote yon pwopriyetè ap mete yon lokatè ki pa t fè anyen ki mal deyò.

Si w kapab pwouve bay yon jij ke pwopriyetè a te okouran de move kondisyon yo anvan w te sispann peye lwaye a, jij la gen dwa deside ke w pa oblije demenaje. Yon jij gen dwa ba w egzijans pou w peye sèlman yon pati nan lwaye pwopriyetè a ap revandike pou w peye a. Oswa, jij la gen dwa egzijè pwopriyetè a pou l ba w lajan ou menm paske ou te viv nan yon kondisyon ki te sitèlman move. Pwopriyetè a gen dwa oblije peye ou menm si pwoblèm yo te rezoud. Jij la gen dwa egzijè pwopriyetè a pou l fè travay reparasyon tou.

Kolòn dwat nan **Lis Verifikasyon Lòjman an** pale de lalwa a. Nan pifò ka, se Kòd Sanitè a nan Kòd Règleman Massachusetts (C.M.R). Ou kapab konsilte Kòd Sanitè a anliy : www.mass.gov/eohhs/docs/dph/regs/105cmr410.pdf.

Kòman pou itilize Lis verifikasyon kòd lòjman an

Rele pou mande yon Evalyasyon pou wè si kòd la respekte

Tout moun nan eta Massachusetts gen dwa pou mande yon fonksyonè vin fè yon evalyasyon de apatman yo a pou asire ke apatman an reponn ak egzijans kòd la. Se Konsèy Lasante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an nan minisipalite oswa vil ou a ki pral fè evalyasyon sa a.

Anvan ou rele yon enspektè, ou ta sipoze bay pwopriyetè ou a yon opòtinite pou l fè travay reparasyon ki nesèsè yo. Si pwopriyetè ou a refize fè travay reparasyon sa yo, rele Konsèy Lasante oswa Depatman Sèvis Enspeksyon nan minisipalite ou a pou yo kapab fè yon evalyasyon pou w.

Si pwopriyetè ou a te depoze yon plent kont ou nan tribinal poutèt yon degèpisman oswa osijè lwaye a, mande pou yo fè yon enspeksyon de kay ou pi vit ke posib. Li pi bon lè w fè enspeksyon sa a anvan dat pwsè ou nan tribinal. Pi bon fason pou w kapab jwenn enspektè a se lè w rele Lameri oswa Otèldevil la. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak yo anliy tou. Mande pou enspektè kòd la oswa enspektè lasante a.

Ranpli Lis Verifikasyon Kòd Lòjman an

Anvan enspektè a vin lakay ou, itilize **Lis Verifikasyon Kòd Lòjman an** ki nan livrè sa a. Mete yon tyèk bòkote tout sa ki konstitye yon vyolasyon kòd la lakay ou. Sa gen ladan vyolasyon nan espas komen yo oswa nan sistèm imèb ke plizyè lokatè pataje yo (tankou sistèm plonbri ak chofaj yo).

Ekri nan kolòn gòch la anviwon ki dat pwopriyetè ou a oswa yon moun ki t ap travay pou li te vin okouran de chak vyolasyon. **Si pwoblèm nan te egziste depi lè w te antre nan kay la oswa lè yon nouvo pwopriyetè te achte imèb ou a, mete dat sa a.**

Si w ale nan yon pwsè nan tribinal, li enpòtan esplike jij la kondisyon ki te egziste nan moman ou te antre nan kay la epi tou apre w te fin antre nan kay la.

Fè yon Deskripsyon Alekri de Pwoblèm yo

Fè foto de kondisyon ki genyen lakay ou, si w kapab. Asire w ke foto sa yo montre pwoblèm yo byen klè. Ekri dat ou te fè foto sa yo.

Lè enspektè a vin nan apatman ou an, montre l ki pwoblèm ki genyen yo. Asire w ke enspektè a ekri nan rapò kòd la tout bagay ou te make nan lis verifikasyon ou an. Yon enspektè gen obligasyon pou l dokimante tout vyolasyon ki genyen. Sa a se lalwa.

Men enspektè a sèlman gen dwa endike yon pwoblèm nan rapò a si li wè pwoblèm. Pa egzanp, li sèlman kapab fè yon rapò konsènan rat ak sourit oswa ravèt si l wè ke gen bèt sa yo nan kay la toutbon vre.

Jwenn yon Kòpi de Rapò Kòd la

■ Kòpi Rapò a

Mande yon kòpi de rapò kòd la anvan enspektè a kite aptaman ou an. Enspektè a dwe siyen rapò a apre mo ki di “siyen ak sètifye sou pèn ak penalite pèji.” Enspektè a dwe ba w yon kòpi de rapò kòd la anvan yo kite lakay ou. **Asire w ke w mande l pou l ba ou l.**

■ Lòd Reparasyon ak Rapò

Apre plizyè jou, pwopriyetè w ta dwe resevwa yon kòpi rapò a **ansanm ak** yon lòd pou fè reparasyon. Ou ta dwe resevwa yon kòpi de toulede dokiman sa yo nan lapòs tou.

Lòd reparasyon an endike dat oswa kantite tan pwopriyetè ou a genyen pou l rezoud vyolasyon yo. Si ou pa resevwa yon lòd reparasyon nan lapòs, kontakte enspektè a oswa al pale ak Konsèy la pou mande yon kòpi rapò a ak lòd reparasyon an.

■ Avi bay Pwopriyetè a

An menm tan tou, mande Konsèy Lasante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an pou ba w yon kòpi de “fich de resepsyon sèvis pwopriyetè a.” Fich sa a montre ke pwopriyetè te resevwa rapò a ansanm ak lòd reparasyon an epi ki dat li te resevwa l.

■ Rapò Kòd Sètifye

Pou itilize rapò a nan pwosè tribinal ou a, li ta dwe pòte siyati / paraf orijinèl enspektè a apre pawòl ki di “siyen epi sètifye sou pèn ak penalite paji.” Si l pa gen sa, pran kòpi rapò ou a epi ale nan Konsèy Lasante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an. Mande yo pou yo sètifye l. Si w pa kapab fè yo sètifye rapò a, ale nan tribinal avèk li kanmèm epi mande jij la pou l gade l.

Konnen Opsyon w yo

Ou dwe bay pwopriyetè ou yon aksè rezonab pou l ka antre nan apatman w pou fè enspeksyon sou li epi fè reparasyon ki nesèsè yo. Sa a se lalwa. Pwopriyetè ou dwe gen pèmasyon w anvan li antre anndan apatman w. Tribinal lòjman yo nòmalman konn egzije pwopriyetè yo pou yo mete lokatè a okouran omwen 24èdtan anvan yo pral antre nan kay la. Avi a gen dwa pi kout si gen yon ka dijans, tankou yon tiyo dlo ki pete nan kay la.

Si pwopriyetè w pa rive korije yon pwoblèm nan delè Konsèy Lasante a oswa Depatman Sèvis Enspeksyon an akòde li a, ou ta dwe kontakte enspektè a. Mande pou yo vin fè yon lòt enspeksyon. Ou gen dwa bezwen gade lòt opsyon tou. Sa ke w gen dwa fè ak sa ke w vle fè pral depann de sityasyon ou lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon ou genyen si pwopriyetè w la refize fè reparasyon ki nesèsè yo, konsilte sit [MassLegalHelp.org](https://www.masslegalhelp.org) :

[MassLegalHelp.org/housing/private-housing/ch8/options-if-your-landlord-refuses-to-make-repairs](https://www.masslegalhelp.org/housing/private-housing/ch8/options-if-your-landlord-refuses-to-make-repairs)

Si w gen yon Pwosè Tribinal, Itilize Rapò Kòd la

Pòte kopi sètifye rapò kòd enspektè a te fè a nan tribinal la nan dat pwosè w la. Lè se tou pa w pou prezante ka w la :

- Pou kòmanse, dekri pi gwo pwoblèm ki genyen nan kay la. Itilize Lis Verifikasyon Kòd Lòjman an pou ede w. Di jij la :

- 1) depi kilè pwoblèm sa yo egziste,
- 2) kilè epi pandan konbyen tan pwopriyetè a te konnen oswa te dwe okouran de yo, epi
- 3) ki mezi pwopriyetè w te pran pou ranje yo si l te fè sa.

- Montre jij la foto ou te fè de move kondisyon yo. Di jij la kilè w te fè foto sa yo.

Itilize sèlman yon oswa 2 foto pou chak pwoblèm lan ki montre pwoblèm nan de fason klè. Se **sa ki genyen** nan foto a, pa kantite foto ou fè yo, ki enpòtan pou jij la. Montre jij la kòpi pa w de rapò kòd la.

- Esplike jij la kòman pwoblèm kay la genyen rann lavi w difisil.

Pa egzanp, si chofaj la pa mache byen epi fenèt yo kite fredri deyò a antre, di jij la si pitit ou yo te tonbe malad oswa si w te oblije dòmi nan kizin nan touprè recho a pou n te ka rete chofe. Si recho ou te anpàn epi w pa t ka fè manje, esplike jij la kòman w te oblije depanse plis lajan pou achte manje tou fèt oswa manje nan restoran. Fè jij la konnen si ou menm oswa fanmi w te oblije rate lekòl oswa travay, oswa si nou te pèdi somèy.

- Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa legal ou genyen yo epi ki fason pou prezante ka w nan tribinal la, konsilte sit MassLegalHelp.org nan :
MassLegalHelp.org/housing/private-housing/ch13/important-legal-defenses-and-counterclaims

Lis Verifikasyon Lòjman an

Pwoblèm Pwopriyetè w la dwe Rezoud nan mwenske 24èdtan

Selon Kòd Sanità a, vyolasyon swivan yo konstitye kondisyon ki gen dwa “mete an danjè de fason materyèl” lasante ou menm oswa fanmi w epi pwopriyetè a dwe ranje pwoblèm sa yo nan 24èdtan. Ou kapab jwenn vyolasyon sa yo nan Kòd Règleman Massachusetts nan [105 C.M.R. §410.750](#).

Dat pwopriyetè w te okouran de vyolasyon an	Verifye si vyolasyon an egziste	Seksyon Kòd Sanità a (nan 105 C.M.R.)
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen sifizaman de chofaj. (Gade paj 8)	410.201
_____	<input type="checkbox"/> Vantilasyon an pa bon oswa yon itilizasyon aparèy chofaj oswa aparèy pou chofo dlo ki pa apwopriye.	410.200B, 202
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen kouran oswa gaz.	410.354
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen swa priz elektrik swa limyè nan espas komen yo, oswa pa gen sifizaman.	410.250(B), 251(A), 253, 254
_____	<input type="checkbox"/> Yo koupe kouran an, gaz la, oswa dlo a oubyen yo pa rekonekte l apre.	410.750(C), 410.354
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen dlo potab.	410.180
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen yon twalèt oswa sistèm pou evakye dlo ize.	410.150(A)(1), 300
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen ase pasaj pou sòti nan kay la, tankou yon obstak ki bloke nenpòt sòti, pasaj oswa espas komen kote ou ta sipoze sòti nan yon ka dijans.	410.450-452
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen seri oswa pa gen bon seri nan pòt dantre yo swa pou apatman an, swa pou imèb la.	410.480(D)
_____	<input type="checkbox"/> Akimilasyon fatra oswa kras ki gen dwa sèvi kòm manje oswa lòjman pou sourit ak rat, ensèk, ak lòt bèt ; oubyen ki gen dwa kreye aksidan oswa koze maladi.	410.600, 601, 602
_____	<input type="checkbox"/> Penti ki gen plon ladan l epi yon timoun ki gen mwens ke 6zan kapab rive manyen l.	105 C.M.R 460, G.L. c. 111, §§190-199

_____	<input type="checkbox"/> Pwoblèm estriktirèl nan do kay la, fondasyon an oswa lòt pwoblèm estriktirèl ki te ka ekspoze w ak dife, brili, chòk, aksidan oswa danjè.	410.500
_____	<input type="checkbox"/> Aparèy elektrik, plonbri oswa chofaj ki pa enstale byen oswa antretyen an pa fèt byen ladan yo, epi sa ekspoze nou a dife, brili, chòk, aksidan oswa lòt danje.	410.351
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen swa dlo frèt oswa dlo cho, oubyen pa gen ase (ki gen ladan kantite, presyon ak tanperati) pandan 24èdtan oswa plis.	410.180, 190
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen detektè lafimen oswa detektè monoksid kabòn k ap byen fonksyone.	410.482
_____	<input type="checkbox"/> Nenpòt defo nan materyèl batiman yo ki gen dwa degaje pousyè amyant.	410.353
_____	<input type="checkbox"/> Nenpòt lòt vyolasyon de Kòd Sanitè ke enspektè a twouve ki danjere pou sante ak sekirite moun.	410.750(P)

Pwoblèm Pwopriyetè w la dwe Rezoud nan mwenske 5 jou

Si nenpòt nan vyolasyon sa yo egziste nan apatman pa w la, pwopriyetè a dwe ranje yo nan mwens ke 5 jou apati dat li resevwa avi a.

_____	<input type="checkbox"/> Lavabo nan kizin nan two piti, oswa lavabo a, recho a oubyen fou a pa nan bon kondisyon pou l fonksyone byen.	410.100
_____	<input type="checkbox"/> Lavabo a, benwa a oswa douch ki nan twalèt la pa fonksyone byen.	410.150(A)(2) ak (3)
_____	<input type="checkbox"/> Pa gen balistrad oswa gafou nan galri, do kay, mach eskalye, oswa lòt espas ki bezwen yo, oubyen yo pa sifi.	410.503(A) ak (B)
_____	<input type="checkbox"/> Nenpòt defo nan sistèm elektrik, plonbri oswa chofaj la ki vyole “nòm ki jeneralman akseptè” men ki pa kreye yon danje imedyà.	410.750(O)(3)
_____	<input type="checkbox"/> Yon enfestasyon ravèt, ensèk oswa wonjè (rat oswa sourit) nan batiman ki gen omwen 2 inite.	410.550

Pwoblèm Pwopriyetè w la dwe Rezoud nan mwenske 30 jou

Si nenpòt nan vyolasyon sa yo egziste nan apatman pa w la, pwopriyetè a dwe ranje yo nan mwens ke 30 jou apati dat li resevwa avi a.

Kizin

-
- | | | |
|--------------------------|--|------------------------------|
| <input type="checkbox"/> | Lavabo a dwe ase gran pou lave asyèt, jwenn dlo cho ak frèt, epi pèmèt yon drenaj sifizan. | 410.100(A)(1),
410.350(A) |
|--------------------------|--|------------------------------|
-
- | | | |
|--------------------------|---|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Pwopriyetè a dwe bay yon recho ak yon fou ki fonksyone byen (sòf si akò alekri a egzije lokatè a pou l founi aparèy sa yo li menm). | 410.100(A)(2) |
|--------------------------|---|---------------|
-
- | | | |
|--------------------------|--|---------|
| <input type="checkbox"/> | Tout lavabo, frijidè ak recho, epi aparèy ki boule gaz oswa lwil dwe an bon kondisyon epi fonksyonèl depi se pwopriyetè a ki enstale yo. | 410.351 |
|--------------------------|--|---------|
-
- | | | |
|--------------------------|--|---------|
| <input type="checkbox"/> | Fòk ta gen omwen yon aparèy ekleraj ak de (2) priz elektrik. | 410.251 |
|--------------------------|--|---------|
-
- | | | |
|--------------------------|--|---------|
| <input type="checkbox"/> | Atè a dwe swa, pa kowozif, epi rezistan kont dlo. Kapèt ki atè yo ta dwe gen yon fondasyon ki pa absòbe dlo epi ki rezistan kont dlo. Planche ki fèt anbwa yo ta dwe gen yon vani ki rezistant kont dlo epi yo pa dwe gen okenn fisi ladan yo. | 410.504 |
|--------------------------|--|---------|
-
- | | | |
|--------------------------|---|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Ta dwe gen ase espas epi yon bon priz elektrik pou pèmèt enstalasyon yon frijidè. | 410.100(A)(3) |
|--------------------------|---|---------------|
-

Twalèt

Pwopriyetè a dwe founi :

-
- | | | |
|--------------------------|---|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Yon twalèt, ki san defo epi ki nan yon pyès ki pa sèvi pou repoze, dòmi, fè manje oswa manje. | 410.150(A)(1) |
|--------------------------|---|---------------|
-
- | | | |
|--------------------------|-------------------------|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Yon lavabo ki san defo. | 410.150(A)(2) |
|--------------------------|-------------------------|---------------|
-
- | | | |
|--------------------------|---|---------------|
| <input type="checkbox"/> | Yon douch oswa benwa, ki pa gen defo epi ki nan yon pyès ki pa sèvi pou repoze, dòmi, fè manje, oswa manje. | 410.150(A)(3) |
|--------------------------|---|---------------|
-
- | | | |
|--------------------------|--|---------|
| <input type="checkbox"/> | Yon aparèy ekleraj elektrik ki mache byen. | 410.252 |
|--------------------------|--|---------|
-
- | | | |
|--------------------------|--|---------|
| <input type="checkbox"/> | Yon bon jan vantilasyon. Gade seksyon sou Vantilasyon ak Limyè pi ba a. | 410.280 |
|--------------------------|--|---------|
-

-
- Atè a dwe swa, rezistan kont absòpsyon epi li dwe gen yon kouvèti ki rezistan kont dlo sou li. 410.504(A)

 - Miray yo dwe rezistan kont absòpsyon, rezistan kont dlo, epi fèt ak yon materyèl ki swa jiska 4 pye de wotè. Mi ki anwo benwa ki gen douch oswa plizyè konpatiman douch ta dwe gen yon kouvèti ki rezistan kont absòpsyon ei dlo jiska 6 pye de wotè. 410.504(B) and (C)

 - Chak pyès ki gen yon twalèt, benwa oswa douch ta dwe gen yon pòt ki ka fèmen konplètman. 410.150(A)(4)

Dlo

Pwopriyetè a dwe bay :

-
- Enough water, with adequate pressure, to meet your ordinary needs. 410.180

 - Ase dlo nan yon tanerapti ki ant 110 ak 130 degre Farenayit, avèk ase presyon pou w ka itilize l chak jou. Si w gen yon akò alekri pou lokasyon w ki spesifye ke se ou menm ki dwe founi dlo cho a, pwopriyetè ou a pa oblije founi dlo cho, men li dwe founi aparèy pou chofe dlo a. 410.190

 - Yon aparèy pou chofe dlo ki gen yon vantilasyon nan yon chemine oswa yon tiyo vantilasyon ki ouvri sou deyò a. Si aparèy chofaj la elektrik, li pa oblije gen yon vantilasyon. Ansyen aparèy pou chofe dlo ki gen yon flam dife ki pa kouvè yo ilegal. 410.202

 - Twalèt, lavabo, lavabo pou kizin, douch oswa benwa yo dwe konekte korèkteman sou liy dlo cho ak frèt yo. Yo dwe konekte korèkteman sou yon liy drenaj sanitè tou. 410.350

 - Pwopriyetè a dwe founi ak peye dlo a. Men pwopriyetè a kapab voye fakti a bay yon lokatè pou dlo ak egou **sèlman** si lokatè a te antre nan apatman an le 16 mas 2005 oswa apre dat sa a, **epi** si pwopriyetè a te :
 - a) enstale yon sou-kontè pou dlo a ki mezire sèlman dlo ki antre nan apatman pa w la, epi l asire antretyen sou-kontè a;
 - b) enstale yon aparèy ba debi pou ekonomize dlo sou tout douch, wobinè ak twalèt nan apatman w lan ;
 - c) te dekri aranjman pou faktirasyon dlo ki tabli ant ou menm ak pwopriyetè a an detay, nan yon akò lokasyon alekri ; epi
-

d) te depoze yon sètifika avèk konsèy lasante oswa ajans lokal ki responsab mete Kòd Sanitè eta a an vigè ki di ke apatman w lan legal epi l reponn ak egzijans kòd yo.

- _____ Yon pwopriyetè dwe pèmèt ou aksede nenpòt sou-kontè dlo ki afekte apatman w lan tou afenke, si w gen bezwen, ou kapab verifye si sou-kontè a byen kontwole fason ou itilize dlo a. 410.354(E)

Pou aprann plis konsènan sou-kontè dlo a, gade :

Kilè yo ka voye Fakti Dlo a bay yon Lokatè Dirèkteman sou Lwa Dlo a ?

www.MassLegalHelp.org/housing/booklets/water-law

Chofaj

Sòti 16 septanm rive 14 jwen, pwopriyetè a dwe founi ekipman ak aparèy pou chofe chak “pyès abitab” ak twalèt pou rive omwen :

- _____ 68 degre Farenayit ant 7è nan maten ak 11zè diswa 410.200-201
- _____ 64 degre Farenayit ant 11zè diswa ak 7è nan maten 410.200-201

“Pyès abitab” vle di nenpòt pyès ki sèvi pou repoze, dòmi, fè manje oswa manje.

- _____ Pwopriyetè a dwe founi sistèm chofaj la epi asire ke yo toujou ap fonksyone byen. 410.351
-

- _____ Aparèy chofaj yo dwe ovuri nan yon chemine oswa yon tiyo vantilasyon ki ouvri sou deyò. Si se yon aparèy chofaj elektrik, li pa bezwen gen yon vantilasyon. 410.202
-

- _____ Pwopriyetè a dwe founi chofaj la epi peye l sòf si ou te siyen yon akò alekri ki di se ou menm ki pou peye chofaj la. 410.201
-

- _____ The temperature must not be more than 78 degrees Fahrenheit at any time during the heating season. Tanperati a pa dwe depase 78 degre Farenayit nan okenn moman pandan sezon chofaj la. 410.201
-

Vantilasyon ak Limyè

- _____ Chak sal dwe gen fenèt, fenèt nan plafon, pòt oswa travès nan miray deyò a oswa do kay la ki ouvri fasilman sou omwen 4 pousan nan sipèfisi pyès sa a. ; **oswa** yon sistèm vantilasyon mekanik ki mache byen. 410.280
-

_____	<input type="checkbox"/> Chak pyès dwe gen yon vit transparan oswa translisid ki pèmèt limyè deyò a antre. Vit la dwe egal omwen 8 pousan nan sipèfisi pyès la. Sa pa aplike pou yon twalèt oswa yon kizin ki gen yon sipèfisi pi piti pase 70 pye kare.	410.250(A), 410.251, 410.257
_____	<input type="checkbox"/> Batiman ki gen 10 apatman oswa plis dwe gen yon sistèm ekleraj dijans nan koulwa yo ak nan sòti yo.	410.483

Kouran, Fil Elektrik ak Gaz

_____	<input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe founi kouran ak gaz epi peye yo si apatman w lan pa gen yon kontè endividyèl oswa si w pa gen yon akò lokasyon alekri ki di se ou menm ki dwe peye kouran ak gaz la.	410.354(A)
_____	<input type="checkbox"/> Sèvis elektrik la dwe founi ase anpè pou reponn ak bezwen w yo nan yon nivo ki rezonab.	410.255
_____	<input type="checkbox"/> Nan chak pyès sòf kizin nan ak twalèt la, pwopriyetè w la dwe founi : - 2 priz elektrik separe nan miray la, oswa - yon aparèy elkeraj elektrik ak yon priz elektrik nan mi an.	410.250(B)

Pwopriyetè w la dwe founi aparèy ekleraj elektrik ak enteriptè ki pèmèt ou itilize tout bagay sa yo nan yon fason ki sekirize epi rezonab :

_____	<input type="checkbox"/> Sal lesiv.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Gad manje.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Koulwa, mach eskalye, antre oswa koridò kominotè.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Pàndri oswa yon espas estokaj.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Sousòl.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Galeri.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Mach eskalye ak chemen ki deyò yo.	410.253(A)
_____	<input type="checkbox"/> Fil elektrik yo pa dwe pase anba kapèt oswa lòt kouvèti atè a, ni nan pòtay nonplis.	410.256
_____	<input type="checkbox"/> Fil elektrik tanporè yo entèdi. Men w ka itilize kab ekstansyon pou aparèy ak priz pòtatif.	410.256

Si w nan yon batiman ki gen plis pase yon sèl apatman, pwopriyetè w la dwe bay ase limyè pou bay ekleraj 24 sou 24, nan espas komen sa yo :

_____	<input type="checkbox"/> Koridò enteryè.	410.254(A)
_____	<input type="checkbox"/> Hallways. Koulwa.	410.254(A)
_____	<input type="checkbox"/> Mach eskalye.	410.254(A)
_____	<input type="checkbox"/> Nan batiman ki gen 3 apatman oswa mwens, aparèy limyè elektrik ki nan koulwa, mach eskalye ak lòt pasaj an komen yo gen dwa gen fil ki ale nan sèvis inite ki tou pre limyè a. Pwopriyetè a dwe peye bil kouran pou aparèy limyè sa a si w pa gen yon akò alekri ki di se ou menm ki pou peye l. Pwopriyetè a dwe mete lòt okipan batiman yo okouran de akò a tou.	410.254(B)
_____	<input type="checkbox"/> Batiman ki gen 10 apatman oswa plis ke sa dwe gen yon ekleraj segondè an ka dijans ki endepandan de sistèm ekleraj prensipal la.	G.L. c. 143, §21D, 410.483

Sekirite

	Fòk ta gen otan de pòt sòti ki nesèsè pou yon “pasaj sekirize pou tout moun” jan sa defini nan Kòd Lòjman eta a. Si w gen kesyon, mande Enspektè Lòjman an.	410.450 780 C.M.R. 10.00
_____	<input type="checkbox"/> Nan yon batiman ki gen plis pase yon sèl apatman, pwopriyetè a dwe asire ke tout pòt sòti an komen yo libere de tout obstak.	410.451
_____	<input type="checkbox"/> Ou dwe asire w ke tout pòt sòti nan apatman w lan libere de tout obstak. Pwopriyetè a dwe asire l ke tout pòt sòti an komen libere de tout obstak.	410.451
_____	<input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe asire l ke tout pòt sòti yo sekirize, fonksyonèl epi libere de glas ak nèj. Sa gen ladan mach eskalye deyò yo ak sòti nan ka dife yo. Si w gen yon pòt sòti ke w pa pataje ak okenn moun, ou menm ak pwopriyetè w gen dwa tabli yon akò alekri ki di ou dwe asire w ke pòt sòti w la libere de nèj ak glas.	410.452
_____	<input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe enstale ekstenktè dife epi asire ke yo toujou fonksyone, jan chèf ponpye nan zòn nan egzije sa a.	527 C.M.R. §10.02

- | | | |
|--|---|-------------------|
| | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe asire l ke tout fenèt eksteryè ki ouvri ak tout pòt dantre yo gen seri ki fonksyone byen. | 410.480(D) ak (E) |
|--|---|-------------------|

Batiman ki gen plis pase twa apatman dwe gen :

- | | | |
|--|---|------------|
| | <input type="checkbox"/> Yon pòt prensipal devan ki fèmen akle otomatikman epi chak pòt eksteryè dwe gen yon seri ki fonksyone. | 410.480(C) |
|--|---|------------|

- | | | |
|--|--|-------------------|
| | <input type="checkbox"/> Batiman ki plis pase 70 pye wotè dwe gen yon sistèm aspèsyon otomatik ki an konfòmite ak Kòd Lòjman eta a. Si w gen kesyon, mande Enspektè Lòjman an. | G.L. c. 148, §26A |
|--|--|-------------------|

- | | | |
|--|--|-------------------|
| | <input type="checkbox"/> Batiman ki gen 10 apatman oswa plis pase sa dwe gen panno ki eklere ki montre yon fason prensipal ak yon fason segondè pou sòti. Panno sa yo dwe itilize senbòl pou moun pa oblije pale anglè pou yo kapab jwenn sòti yo. | G.L. c. 143, §21D |
|--|--|-------------------|

- | | | |
|--|--|--------------------------------------|
| | <input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe enstale detektè lafimen ak avètisè monoksid kabòn nan pifò batiman epi l dwe asire ke yo toujou fonksyone kòmsadwa. Mande Komsyè Dife a si w gen kesyon. | 410.482
527 C.M.R. 31.00 ak 32.00 |
|--|--|--------------------------------------|

Antretyen Estriktirèl

- | | | |
|--|---|--------------------|
| | Pwopriyetè a dwe kenbe tout eleman estriktirèl yo nan yon bon kondisyon. | 410.500
410.550 |
|--|---|--------------------|

Yo dwe sekirize kont move tan, yo pa dwe gen okenn espas ki toujou imid oswa mouye, yo dwe anpeche ensèk antre, epi yo dwe anpeche wonjè tankou sourit ak rat antre.

Yo pa dwe gen okenn twou, fisi, lacho ki lach, oswa lòt defo.

Men kèk eleman estriktirèl :

- | | | |
|--|---|---------|
| | <input type="checkbox"/> Fondasyon | 410.500 |
| | <input type="checkbox"/> Atè a / planche yo | 410.500 |
| | <input type="checkbox"/> Miray yo | 410.500 |
| | <input type="checkbox"/> Plafon yo | 410.500 |

_____	<input type="checkbox"/> Pòt ak fenèt yo dwe gen yon bon kawoutchou ki trase nan tout pòt la oswa fenèt la pou pwoteje kont move tan, oswa yo dwe fèt an fòm fenèt tanpèt oswa pòt tanpèt. Yo dwe gen kapasite pou ouvri konplètman epi fasilman tou. Tout panno an vit yo dwe kalfetre byen epi yo pa dwe kraze nonplis.	410.500, 501
_____	<input type="checkbox"/> Do kay la	410.500
_____	<input type="checkbox"/> Chemine ak lòt eleman estriktirèl	410.500
_____	<input type="checkbox"/> Mach eskalye yo dwe estab epi yo dwe gen yon balistrad ki sekirize.	410.500, 503(A) ak (B)
_____	<input type="checkbox"/> Chak galeri, balkon oswa do kay ki plis pase 30 pous de wotè anlè nivo sifas tè a dwe gen yon mi oswa yon balistrad ki omwen 3 pye de wotè.	410.503(C)

Espas

_____	<input type="checkbox"/> Chak inite lòjman an dwe gen omwen 150 pye kare de espas pou premye okipan an epi 100 pye kare pou chak okipan anplis. Adisyone tout espas sipèfisi “pyès abitab” yo pou w ka konnen konbyen pye kare apatman w lan ye. “Pyès abitab” vle di nenpòt pyès ki sèvi pou repoze, dòmi, fè manje oswa manje. Pa enkli gad manje a, twalèt yo, sal lesiv la, koulwa yo ni espas estokaj yo.	410.400(A)
_____	<input type="checkbox"/> Chak chanm akouche dwe gen omwen 70 pye kare de sipèfisi si gen yon sèl moun k ap dòmi nan chanm nan. Si gen plis pase yon sèl moun k ap dòmi nan chanm nan, li dwe gen omwen 50 pye kare sipèfisi pou chak moun.	410.400(B)

Antretyen Jeneral

_____	<input type="checkbox"/> Pwopriyetè a dwe kenbe espas an komen yo pwòp epi sanitè.	410.602(D)
_____	<input type="checkbox"/> Si pwopriyetè a oswa manadjè a p ap viv nan menm batiman an, pwopriyetè a dwe mete yon panno ki afiche non, adrès ak nimewo telefòn pwopriyetè a oswa ajan li a. Panno a dwe alenteryè batiman an epi l dwe gen yon tay omwen 20 pous kare.	410.481
_____	<input type="checkbox"/> Yon pwopriyetè pa gen dwa fèmen oswa jwe nan dlo, dlo cho, chofaj, limyè, kouran oswa gaz yon lokatè. Sèl lè yon pwopriyetè gen dwa fèmen yon sèvis piblik sou yon baz tanporè se pou fè reparasyon ki nesèsè. Epi pwopriyetè a dwe ba w yon “avètisman alavans ki rezònab”	410.620
_____	<input type="checkbox"/> Tout fenèt ki ouvri deyò a, nan premye kat etaj yo, dwe gen til sou yo ant 1ye avril ak 30 oktòb.	410.551 410.553
_____	<input type="checkbox"/> Tout pòt ki ouvri dirèkteman sou deyò a dwe gen til sou yo ant 1ye avril ak 30 oktòb.	410.552 410.553

Pwopriyetè a dwe enstale bagay sa yo korèkteman epi kenbe yo anneta pou pa gen fwit, blokaj oswa lòt defo :

_____	<input type="checkbox"/> Lavabo, benwa, douch ak twalèt.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Aparèy chofaj dlo, tiyo gaz, ekipman chofaj ak tiyo dlo.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Recho ak fou.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Basen pou kapte dlo, tiyo vantilasyon, egou ak lòt aparèy parèy yo.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Koneksyon ak liy dlo, egou ak gaz yo, ansanm ak sistèm souteren pou jete dlo ize yo.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Tout aparèy ekleraj, priz elektrik ak fil elektrik.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Tout detektè lafimen ak avètisè monoksid de kabòn.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Tout ekipman chofaj ak vantilasyon.	410.351(A)
_____	<input type="checkbox"/> Ekipman pwopriyetè a enstale yo, tankou lav vesèl, machinalave, sechwa, frijidè ak lam nan lavabo pou kraze dechè kizin.	410.351 (B)

Wonjè ak Ensèk

-
- | | | |
|-------|--|---------|
| _____ | <input type="checkbox"/> Pa gen okenn rat, ravèt, sourit, pinèz oswa lòt ensèk ki pèmi anndan apatman an oswa batiman an. Pwopriyetè a dwe ekstèminen yo lè yo jwenn bèt sa yo nan espas an komen yo oswa nan nenpòt apatman endividyèl nan batiman ki gen omwen de (2) apatman. | 410.550 |
|-------|--|---------|

Fatra

-
- | | | |
|-------|--|------------|
| _____ | <input type="checkbox"/> Nan batiman ki gen omwen twa (3) apatman, pwopriyetè a dwe bay lokatè yo poubèl ki pa kite dlo antre. Pwopriyetè a dwe mete poubèl yo nan yon lokal ki fasil pou lokatè yo jwenn yo epi ki anpeche move sant antre nan espas kote w ap viv. | 410.600(C) |
| _____ | <input type="checkbox"/> Nan batiman ki gen omwen 3 apatman ladan yo, se pwopriyetè a ki gen responsablite pou l ranmase ak jete fatra. | 410.601 |

Penti ak plon

-
- | | | |
|-------|---|----------------------|
| _____ | <input type="checkbox"/> Yo pa gen dwa itilize penti ki gen plon ladan l sou okenn sifas. | 410.502 |
| _____ | <input type="checkbox"/> Si w gen yon pitit ki gen mwens ke 6zan, pwopriyetè w la dwe retire oswa byen kouvri penti ki gen plon ladan l nan yon wotè ki rive 5 pye anlè sifas tè a. Sa pa sifi pou l sèlman repentire sifas yo ak yon penti ki pa gen plon ladan l. | G.L. c. 111,
§197 |

Li ilegal pou refize lwe yon apatman bay yon fanmi oswa mete yo deyò nan apatman an jis poutèt apatman an gen penti ak plon ladan l.